теориялық ҳәм әмелий машқалаларын шешиўге тийкар болады.

Топонимика басқа илимлер тарауы менен илимий ҳәм практикалық әхмийетке ийе. Буның менен айрықша тарийхшылар, этнографлар, ботаниклер шуғылланады. Топонимика арқалы көплеген тарийхый фактлерди, айырым халықлар менен руўлардың территориялық шегараларын, дәстүрин, үрп-әдетин, мәдениятын, тил өзгешеликлерин анықлаў менен сондай-ақ, белгили жер-суў өсимликлер ҳәм жәниўарлар дүньясының ҳәр кыйлы қәсийетлерин топонимиканың жәрдеми арқалы анықлаўға болады [3:119].

Этноним ҳәм этнотопонимлерди топлап изертлеў қарақалпақ тилиндеги меншикли атлықлар қатарының қәлиплесиў басқышлары ҳаққында қымбатлы мағлыўматлар берип ғана калмай, халқымыздын тарийхы, үрп-әдетлери, турмыс тәризи, үлкемиздиң географиясы хәм археологиясы, сондай-ак, руўхый байлықларымызды өз ишине алатуғын изертлеўлер алып барыўға тийкар бола алады. Этнотопоним материалларын белгили территориялар бойынша топлаў хәм үйрениў бул мәселениң негизине және де терең кирип барыў ҳәм де территориялык - тиллик ўақыялар дизиминиң өзине тән нызамлылықлары ҳәм қәсийетлерин ашыўға көмеклеседи. Қарақалпақстан аймағында жасаўшы жергиликли халықтын этникалық атамалар ҳәм олар негизинде пайда болған этнотопонимлер ҳәзирге дейин арнаўлы изертленбеген.

Жуўмаклап айтканда, Қарақалпақстан топонимиясын тийкарынан бул аймаққа тән этнонимлер ҳәм этнотопонимлерди үйрениў ислерине дәслеп тарийхшылар, этнографлар, гейпара географлар сезилерли дәрежеде үлес қосқан. Бул машқала кейинирек диалектологлар ҳәм тилши топономистлер тәрепинен арнаўлы анализлене баслаған. Соған қарамастан, Қаракалпақстан этнонимиясы ҳәм этнотопонимлери ҳәзирги дәўирге шекем арнаўлы илимий изертлеў объекты сыпатында хәр тәреплеме терең анализ етиледи деген үмиттемиз.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Эназаров Т., Есемуратов А., Ҳусанова М. Ўзбек номшунослиги (монография). -Тошкент: «Наврўз», 2015.

2. Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? -Нөкис: «Қаракалпақстан», 1965.

3. Бердимуратов Е. Топонимиялық атамаларға дыққат аўдарайық. /«Еркин Қарақалпакстан» 20-июнь 2000-жыл, №73 (17355).

РЕЗЮМЕ. Мазкур мақолада муаллифлар ономастика(яъни номшунослик)да хозирги кунда долзарб масалалардан бири - этнотопонимлар тўғрисида фикр юритишган. Эски давр мафкурасига идеологиясига оид ясама атамалар ўрнига жойларнинг қадимги атамалари қайта тикланди.

РЕЗЮМЕ. В статье изложены проблемы изучения этнотопонимов каракалпакского языка. Наименования относящиеся к старой идеологии заменены истинным названием местности.

SUMMARY. The article describes the problems of studying ethnotoponyms of the Karakalpak language. Names related to the old ideology were replaced by the original names o f the area. The authors present their views on the importance and use of toponyms in the methodological aspect.

БАЛАЛАР ПОЭЗИЯСЫНДА НАҚЫЛ-МАҚАЛЛАРДЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Ж.Бердимуратов - *оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: панду-насият, дидактика, фалсафа, фолькор, шеър, қўшиқ.
Ключевые слова: пропаганда, дидактика, философия, фольклор, поэзия, стихи.
Key words: propaganda, didactics, philosophy, folklore, poetry, poems.

Биз қайсы миллеттиң әдебиятын оқымайық, ески грек-рим әдебиятында, орта әсирлик Шығыс әдебиятында болсын узақ дәўирлерден ҳәзирги күнге шекемги барлық дүнья әдебияты классиклериниң дөретпелерине нәзер салсақ, халық нақыллары

менен өзгеше бир сулыў безеў бериў менен инсанға деген ишки туйғы-сезим ҳәм руўхый азық беретуғынлығының гуўасы боламыз. Қарақалпақ балалар поэзиясында шайырлардың көпшилиги қарақалпақ халқының аўызеки әдебияты үлгилеринен илҳам алыў менен бирге, фольклорлық дәстурлерден пайдаланыўды үрдис етип алған.

Улыўма айтқанда ҳалықтың кеўлине қонымлы аўзында үзликсиз айтылатуғын қанатлы, итибарлы қысқа мазмунға образ ҳәм пикирге бай, күшли эмоциональ, интеллектуал тәсир күшине ийе болып, көркем афоризмге ийе сөзлер нақыл-мақал болып қалады.

Мысалы, Халмурат Сапаровтың қосықларында да ушыратыўға болады.

Ўақыт- алтын, ўақыт қысқа
Өтпесин деп бостан-босқа,
Уқтырғандай ҳәр бир жасқа
Саат тили сыртыл дейди.

Туўрылық темасындағы қосықта балаларды кишкентайынан баслап, ҳадаллыққа, туўрылыққа, өтирик сөйлемеўге, расын айтыўға, ҳақыйқатлыққа ҳәм ҳақыйқый инсапарўарлыққа үйретеди. Ал, “Саат тили сыртыл дейди” қосығының тийкарғы мазмуны болса, балалардың ўақыт пенен есапласыў керек екенлигин уқтырады. Ўақыт саған қарап турмайды. “Жаслықта алған билим тасқа ойылған нағыс” және “Ўақыт өтсе, бахыт кетеди”, “Ўақыттың өзи де устаз” деген нақыл-мақаллардың дурыс екенлигин тастыйықлап турғандай айтылып тур. Яғный ҳәр бир күниң босқа өтпесин “Жақсыдан бағ, жаманнан дақ” қалады дегендей изиңде, жақсы атың менен даңқың қалсын деген нийет пенен жазылғанлығы көринип тур.

Ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ балалар поэзиясында балалар шайырларының қосықларында нақыл-мақаллардың ҳәр қыйлы формаларының қолланылыў өзгешеликлерин көриўге болады. Толыбай Қабуловтың “Әй, Перзентим” қосығында

Әй, перзентим саған пәндиў-нәсият,
Кисини сыртынан сайыўшы болма.
Сыйла устазыңды атаңнан зыят,
Ләбзи-ықырарыңнан тайыўшы болма.

Қосықтың екинши, үшинши, төртинши қатарларындағы сөзлер қарақалпақ ҳалқының аўыз еки әдебиятында гезлесетуғын нақыл-мақалларда ушырасатуғын “Адамды сыртынан жаманлама” айтатуғын гәпиң болса, көзиңше айт, “Устаз атаңдай уллы”, “Ләбизиңнен қайтпа”, яғный айтқан сөзиңнен қайтпа, сөзиңде тур деген мәнистеги сөз дизбеклериниң орынланыўын шайыр бас мақсет етип қояды. Өмирбай Хожановтың қосығында:

«Ҳә Шәрипбай, Шәрипбай» (балалар термеси)
Ҳә Шәрипбай, Шәрипбай,
Күнде жәнжел,күнде даў,
Ойынынан оймақ шығарып,
Болмады сирә, күниң саў,
Сеннен бийзар болып тур,
Қоңсы-қоба, бақша-баў,
Қабақларың ашылмас,
Шаңғытларың басылмас,
Биймәни ойын адамға,
Нағыз душпан, нағыз қас,
Мынаў өмир дегениң,
Алды бийик қыя тас,
Ҳеш ким жәрдем ете алмас,
Ислемесе туўры басың

Шәрипбай деген баладан ҳәмме ҳәтте қоңсы-қубаларыда бийзар екенлигин шайыр өзиниң бул термелеринде ҳәр бир қатарында сәдде-сәдде етип Шәрипбайдың бул минези менен алысқа бара алмайтуғынлығын тастыйықлап турғандай сезилсе, екинши тәреп тен шайыр оған және бир имканият берип басыңды ислетсең онда келешегиң жақсы болады деп, ескертип атырғандай тахлетте жазылған яғный айтқанда бул терме ақыл-нәсият дидактикалық формасында тәрийипленген.

Жоқарыда айтылған ҳәр бир қосықтың көркемлик өзгешелиги, тәсиршеңлиги, ҳәр қайсысының жоқары идеялылығы менен бирге турмыс пенен тағыз байланысып келеди. Және де булардың кең мәнилик олардағы пикирдиң уллылығы ҳәм баҳалылығы оқыўшылардың ҳәр тәреплеме тәлим- тәрбия алыўында, педагогика-психологиялық жақтан қабыл етиў ушын көркемлик жақтан ықшамлы етип жазылған.

Улыўма жуўмақластырап айтқанда, қарақалпақ балалар поэзиясындағы шайырлардың дидактикалық қосықларында қолланылған афоризм усылындағы сүўретлеўлер балалардың дүньяға деген коз-қарасын қызығыўшылығын раўажландырыў менен бирге, турмыслық ўақыяларға сүйенген ҳалда поэтикалық тил менен салыстырмалы дәрежеде китап оқыўшыларына тәсирли, көркем етип жеткерип бере алған

Балалар шайырларының ҳәр бир шығармасы ғәрезсизликке ерискеннен кейинги жылларда талап дәрежесинде болып, бүгинги күн келешек әўладлардың ҳәр тәреплеме жақсы инсаныйлық пазыйлетлерди пайда етиўде, ата-анаға ҳүрмет-иззет көрсетиўге,

дослары менен татыў, аўыз биршиликли болыўда, олардың дүньяға көз-қарасларының жақсы тәреплерге раўажланыўында балалар шайырларының шығармалары үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болып қалады.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Сапаров Х. Қуяш балаларымыз. -Нөкис: 1992, 3-4-б.
2. Сейитжанов Т. Гумис қоңыраў. -Нөкис: 1997, 14-19-20-21-25-б.
3. Қабулов Т. Пәндиў нәсият. -Нөкис: 1995, 3-4-30-49-59-б.
4. Хожанов Ө. Мазалы айтсеш мазалы. -Нөкис: 1996, 19-б.

РЕЗЮМЕ. Мақолада қорақалпоқ болалар поэзиясида шеър тузилишининг хусусиятлари ўрганилган. Х.Сапаров, Т.Сейитжанов, Т.Қабулов асарларининг ўзига хос жиҳатлари кўрсатилган. Бадий ғоянинг тематик хусусиятлари очиб берилган.

РЕЗЮМЕ. В статье анализируются структура стихов и разновидности каракалпакской детской поэзии в годы независимости. В детской поэзии большое значение имеют афоризмы. Исследуются отличительные особенности афоризмов структур стихов С.Аббазова, Х. Сапарова, Т.Сейитжанова, Т. Кабулова. Рассматриваются многосложные размеры и структура стихотворений в каракалпакской детской поэзии и определяются идейно-художественные и тематические особенности каракалпакской детской поэзии.

SUMMARY. The article deals with the structure of poems and other kinds of Karakalpak poetry for children for the years of independence Aphorisms play a great role in children's poetry. The author studies the peculiarities of aphorisms and structure of poems by S.Abbasov, Kh. Saparov, T. Seytjanov, T.Kabulov. The complex size and structure of poems in Karakalpak poetry for children and their ideological-artistic and thematic features have also been investigated in the work.

PARIJ SINDROMINÍŃ INSAN PSIXIKASÍNA TÁSIRI

N.E.Ernazarov – *assistent oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanch so‘zlar: hayol, sayohat sondromi, inson psixikasi, ong osti dasturi.
Ключевые слова: фантазия, синдром путешествия, психика человека, программа подсознания.
Key words: fantasy, travel syndrome, human psyche, subconscious program.

Sindrom (áyyemgi grekshe συνδρομή "birlespe, toplanıw "; συν - "menen" + δρόμος" juwırıw, háreket") - Ulıwma etimologiyalı hám patogenezi bolǵan, kóriniwshi kompleks [9:52]. Al, psixologiyalıq sindrom-bul patologiyalıq (kesellik) penen baylanıslı bolmaǵan, júz berip atırılǵan hádiyseniń rawajlanıwınıń bir mexanizmi menen birlesetin organikalıq belgiler toplamı. Psixologiya iliminde sindromlardıń túrleri júdá kóp hám túrlishe. Bul, sindormlardıń kópshiligi insan ómirine qáwip payda ettiriwi, sırtqı ortalıqtan ózin ayırıwı, ómirge kózqarasın ózgertiwi, hátte óz janına qastıyanlıq etiwge de májbúr etedi. Sindromlar jas tańlamaydı hám belgili jasqa kelgende óz-ózinen insan sanasında joq bolıp ta ketpeydi. Álbette, tiyisli qánigelerdiń járdeminde yaki ayırım sindromlardı, insandaǵı ózgeristi ańlay alıwshı, ómirlik tájiriybesi bar insanlar psixikalıq sindromnıń aldıń alıw múmkin. Sindromlardıń túrleri kóp bolǵanlıqtan, siz benen kópshiligimizde ushırasatuǵın "Parij sindrom"ı haqqında sóz etiwdi maqul kórdim.

Parij sindromı (FR. Syndrome de Paris, yapon. パリ症候群 pari syo: ko: gun) Franciyaǵa sayaxat etip kelgen sayaxatshılar (tiykarınan yapon xalıqların)da ushırasatuǵın ruwxıy kesellik. 1986-jılı Franciyada jumıs islegen yapon psixiatrı Xiroaki Toy tárepinen anıqlanǵan [4:17]. Parij sindromı ruwxiy kesellik bolǵanlıqtan, usı kúnge shekem de yapon psixologları, Yaponiyadan kelgen sayaxatshı yaponlarǵa ózleriniń psixologiyalıq járdemin tiygizip kelmekte. Parij sindromına shalınǵanlardıń kópshiligi, jergilikli xalıqtıń unamsız háreketlerin sebep etip kórsetedi. Kesellengenlerdiń úshten eki bólegi, birneshe psixoterapiyalıq shınıǵıwlardan soń normal jaǵdayǵa qaytadı, qalǵanları bolsa uzaq múddetli emleniwge mútáj yaki kúshsiz psixoz analizin aladı. Francuz psixiatriya jurnalı "NERVURE journal de Psychiatrie" da aytılıwınsha, bul